



Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ka gen dwa pou resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl ak pwogram DOE dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la. Sèvis sa yo ede yon elèv ki gen bezwen sante pou patisipe nan lekòl sou yon baz egal tankou kamarad li ki pa gen andikap. Pa egzanp: yo ka bay elèv ki gen yon pwoblèm medikal medikaman nan lekòl la dapre enstriksyon founisè swen sante li, oswa elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa tande ka chita tou pre tablo a.

Biwo Sante Lekòl revize demand akomodasyon medikal chak ane lekòl pou konfime si pitit ou bezwen sèvis ak / oswa akomodasyon nan lekòl la, epi pou mete lekòl la okouran nenpòt chanjman ki fèt pou asire yo satisfè bezwen pitit ou a.

Pou prepare pou ane lekòl kap vini an, tanpri:

- Mande ajan swen sante pitit ou a pou l ranpli [Fòm pou bay medikaman dyabèt](#), [Fòm pou bay medikaman \(Medication Administration Form, MAF\) ak/oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri](#) (kole yon ti foto resan nan kwen agoch anlè a) ak [Fòm demand pou akomodasyon medikal yo](#).
  - Aprè founisè swen sante pitit ou a fin revize fòm yo, siyen paj ki nan do fòm yo epi mete enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w.
- Voyer Fòm pou bay medikaman dyabèt la, Fòm pou bay medikaman (MAF) ak/oswa Fòm pou tretman medikal yo preskri ki ranpli a ba enfimyè lekòl la **1ye jen 2022** oswa **pi vit posib** pou asire pitit ou a resevwa sèvis li otorize pou resevwa nan kòmansman ane lekòl 2022-2023 a.
- Voyer Fòm demann pou akomodasyon medikal la ki fin ranpli a bay Kowòdonatè 504 lekòl ou a, ansanm avèk [Fòm demand paran pou akomodasyon seksyon 504 ansanm avèk otorizasyon HIPPA a](#) pou mande akomodasyon akademik ak lòt akomodasyon onivo lekòl la.

Men kòman ou ka voye fòm medikal ale apre fen ane lekòl la:

**Fòm pou bay medikaman pou dyabèt:**

Imèl nan: [OshDMAF@health.nyc.gov](mailto:OshDMAF@health.nyc.gov)

Oswa **voye l pa lapòs** bay:

Attn: DMAF Coordinator  
New York City DOHMH  
Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714

Oswa **Fakse** nan:

347-396-8945 (Bronx & Manhattan)  
347-396-8933 (Brooklyn & Staten Island)  
347-396-8932 (Queens)

**Tout lòt fòm pou bay medikaman ak fòm pou tretman medikal yo preskri:**

**Voyer yo pa imèl** pou borough kote pitit ou a prale lekòl la:

[BronxMAF@health.nyc.gov](mailto:BronxMAF@health.nyc.gov)  
[BrooklynMAF@health.nyc.gov](mailto:BrooklynMAF@health.nyc.gov)  
[ManhattanMAF@health.nyc.gov](mailto:ManhattanMAF@health.nyc.gov)  
[QueensMAF@health.nyc.gov](mailto:QueensMAF@health.nyc.gov)  
[StatenIslandMAF@health.nyc.gov](mailto:StatenIslandMAF@health.nyc.gov)

Oswa **voye l pa lapòs** bay:

Attn: Director of Nursing  
New York City DOHMH  
Office of School Health  
42-09 28<sup>th</sup> Street, CN-25  
Queens, New York 11101-4714